



Vil Cambridge Dwa ak Resous Lokatè yo

**Òdonans Notifikasyon sou Dwa ak Resous Lokatè
Kòd Minisipal Cambridge Chapit 8.71
Vil Cambridge, Massachusetts**

Vil Cambridge kontan dèske w deside fè Cambridge lakay ou!

Vil Cambridge gen yon Òdonans Notifikasyon sou Dwa ak Resous Lokatè yo. Lyen pou ale nan Òdonans lan se <https://camb.ma/4gfcKNK>

Òdonans sa a egzije pou mèt kay, pwopriyetè, ak konpayi jesyon yo bay lokatè yo Gid Dwa ak Resous Lokatè sa a nan kòmansman lokasyon yo a oswa lè yon lokasyon ap sispann. Gid sa a gen ladan Responsablite Lokatè ak Pwopriyetè, Dwa Lokatè nan yon Pwosesis Degèpisman, ak Resous Lojman.

ይህ ማሳሰቢያ ወሳኝ መረጃዎችን ይይዛል። የተተረጎመውን ሰነድ ለማግኘት ኪወ.አር ኮዱን ስካን ያድርጉ።

Sa a se yon avi enpòtan. Pou tradiksyon, eskane kòd QR la.

فيما يلي إشعار مهم، امسح رمز الاستجابة السريعة QR للحصول على الترجمة.

Este es un aviso importante. Para su traducción, escanee el código QR.

Este é um aviso importante. Para tradução, escaneie o código QR.

这是重要通知。如需翻译，请扫描二维码。

এটি একটি গুরুত্বপূর্ণ বিজ্ঞপ্তি। অনুবাদের জন্য, QR কোড স্ক্যান করুন।

This is an important notice. For translation, scan the QR code.



አማርኛ



العربية



বাংলা



中文



Kreyòl
Ayisyen



Português



Español

Kontak: Office of Housing Liaison (Biwo Lyezon Lojman) (OHL) Vil Cambridge

Adrès: 362 Green Street (first floor), Cambridge, MA 02139

Telefòn: 617-349-7222

Imel: housingliaison@cambridgema.gov

Responsablite Lokatè ak Pwopriyetè

Lwaye

Se responsablite lokatè a pou peye lwaye a alè jan sa endike nan kontra lwaye a oswa kontra lokasyon an.

Si w gen difikilte finansyèman, TANPRI chèche asistans!

Sèvis piblik yo

Ou dwe gen sèvis piblik sou non ou si akò lokasyon oswa kontra lwaye ou an egzije sa. Si w gen difikilte pou w peye sèvis piblik ou yo epi/oswa ou gen aryere ki anpeche w kreye yon nouvo sèvis piblik sou non w, tanpri kontakte Multi-Service Center (Sant Milti-Sèvis) Cambridge pou jwenn asistans nan 617-349-6340.

Depozit ak Lwaye Mwa Pase a

Depozit ak Lwaye Mwa Pase a pa menm bagay.

Depozit Sekirite

Yon pwopriyetè ka mande yon depozit sekirite. Yon depozit pa ka plis pase 1 mwa lwaye. Li dwe sere nan yon kont separe ki bay enterè. Pwopriyetè a ta dwe peye enterè ki fèt la bay lokatè a chak ane. Pandan ke depozit la pwoteje pwopriyetè a nan ka lokatè a te koze domaj, se lajan ou epi yo ta dwe retounen ba ou si ou pa domaje apatman an. Li pi bon pratik pou mande yon rezime sou kondisyon apatman an nan kòmansman lokasyon w la, se yon zouti enpòtan si pwopriyetè a pa remèt ou tout depozi la. Nan 30 jou apre fen kontra lwaye a oswa lokasyon an, pwopriyetè kay la dwe retounen depozit la ak nenpòt enterè ki te akimile oswa bay yon lis detaye sou domaj yo ak pri pou repare yo pou kèlkeswa montan ke yo pa remèt ou. Yo pa ka kenbe depozit la pou "domaj ki nòmal yo". Si yo pa vle ba w depozit ou a, chèche konsèy.

Lwaye Mwa pase a

Lwaye Mwa pase a pa sere nan yon kont apa. Li prensipalman pwoteje mèt kay la nan ka yon lokatè deplase anvan fen kontra lokasyon an oswa kontra lokatè a. Si lwaye mwa pase a pa te peye nan kòmansman lokasyon an, lokatè a dwe peye li nan fen, menm si y ap kenbe depozit la.

Dat Kontra Lwaye

Prete atansyon sou dat kontra lwaye a oswa akò lokasyon ou an epi lè renouvèlman an, siyen yon nouvo kontra lwaye. Pandan ke akò lokasyon volontè yo bon, yo ka pa ba ou menm dwa ak yon kontra lwaye. Kit ou gen yon akò lokasyon volontè oswa yon kontra lwaye, asire w ke ou gen yon kopi li ke ou menm ak mèt kay ou an siyen.

Asirans Lokatè a

Gen kèk pwopriyetè ki egzije asirans lokatè a. Malgre ke lwa eta oswa lokal pa oblije w achte asirans lokatè, si kondisyon kontra lwaye w la oblije w fè sa, ou dwe respekte l. Menmsi kondisyon kontra lwaye w la pa egzije sa, se yon bon pratik pou achte asirans lokatè!

Jere apatman an

Lokatè ak pwopriyetè yo dwe travay ansanm pou kenbe yon bilding ki an sekirite ak an sante.

Prevansyon ensèk nuizib yo

Nou ap viv nan yon vil kote rat/sourit ak ensèk renmen vin abite. Tanpri swiv konsèy sa yo pou kenbe tout moun an sekirite ak an sante.

Konsèy pou Lokatè yo

- Toujou mete manje chèch pou bèt domestik yo nan yon veso plastik oswa metal ki byen fèmen

- Si w gen yon pwoblèm rat/sourit oswa ensèk nuizib, kenbe tout manje sèk tankou ti goute, diri, espageti, elatriye nan bwat plastik menm si manje a nan yon tiwa.
- Travay ak pwopriyetè oswa konpayi k ap jere espas ou a lè yo vin tiye bèt yo.
- Toujou mete fatra w, bagay resiklaj ak konpòs nan doum ki apwopriye yo ak kouvèti a byen fèmèn. Si w ap itilize yon dumpster (gwo poubèl), asire w ke w fèmèn kouvèti a. Si ou gen fatra ki debòde, tanpri kontakte pwopriyetè w la pou mande plis doum.
- Si w remake nenpòt aktivite rat/sourit, kontakte pwopriyetè w la ak/oswa Inspectional Services Department (Depatman Sèvis Enspeksyon) Vil Cambridge la nan 617-349-6100.

Pwopriyetè yo Dwe

- Bay doum pou fatra ak bagay resiklab.
- Reponn a pwoblèm rat/sourit oswa ensèk nuizib nan yon fason apwopriye.
- Travay ak lokatè yo pou abòde enkyetid andedan kay la tankou bouche twou oswa bay sèvis ekstèminasyon jan sa nesesè.
- Kenbe antretyen nan zòn deyò nan pwopriyete a.
- Kenbe pwopriyete a ann akò ak kòd sanitè eta a.

Estanda Lojman Debaz yo

- *Chofaj:* Pwopriyetè yo dwe bay yon sistèm chofaj pou chak apatman. Ant 15 Septanm ak 31 Me, chak chanm dwe chofe omwen 68 degrees ant 7:00 am ak 11 pm ak omwen 64 degrees pou tout lòt èdtan; epi pa plis pase 78 degrees nan nenpòt ki lè pandan sezon chofaj la. Vil la ka varye sezon chofaj la depi 30 Septanm oswa fini 15 me lè li poste yon avi sou sitwèb Vil la.
- *Dlo:* Pwopriyetè yo dwe bay enstalasyon pou chofe dlo nan yon tanperati ki ant 110 degrees ak 120 degrees pou yon douch oswa basen.

- *Eleman Estriktirèl:* Pwopriyetè kay yo dwe asire tout apatman yo pwoteje kont ensèk nuizib yo, move tan ak dlo, kont twòp imidite, yo byen repare epi yo toujou nòmal pou moun abite.
- *Sòti:* Pwopriyetè yo dwe asire chak sòti yo pa gen okenn nèj, fatra ak tout lòt obstak (men yon lokatè responsab pou kenbe yon sòti san nèj si sòti a sèvi sèlman lokatè a epi sa endike nan yon kontra lokasyon).

Konsèy pou Lokatè

- Pran avantaj de sèvis gratis itil ki disponib nan seksyon resous yo si w gen difikilte pou kolekte, konsève anpil bagay, oswa fè antretyen.

Jwenn èd

- Gen anpil òganizasyon ki ka ede w kèlkeswa sitwayènte w oswa sitiyaasyon legal ou. Tanpri kontakte youn nan nimewo ki nan seksyon resous gid sa a si w bezwen èd! Pandan ke Vil la pa ka bay konsèy legal, nou ka reponn kesyon sou enkyetid lojman, travay pou lokatè ak pwopriyetè epi, jan sa nesesè, refere a sèvis legal yo. Si w gen kesyon, tanpri rele Housing Liaison Office nan 617-349-7222 oswa voye yon imel nan housingliaison@cambridgema.gov.



Dwa Lokatè nan yon Pwosesis Degèpisman

Se sèlman yon TRIBINAL ki ka bay lòd pou yon Lokatè kite kay li ye a!!!

Lokatè yo gen dwa epi gen resous si ou nan yon pwosesis degèpisman. Si yon pwopriyetè ba ou yon avi pou w kite tankou Notice to Quit (Avi pou Kite), sa pa vle di ou oblije kite. Yon pwosesis tribinal dwe swiv anvan yon lokatè oblije kite kay li ye a. Gen èd ki disponib pou eseye anpeche degèpisman an san ale nan tribinal. Jwenn èd pi vit posib.

Etap Debaz yo nan yon Pwosesis Degèpisman:

1. Avi pou Kite

- Nan pifò ka yo, pwopriyetè yo pral bay yon Avi pou Kite kòm premye etap nan pwosesis degèpisman an. Avi pou Kite a dwe di rezon ki fè yo kòmanse pwosesis degèpisman an. Sa a dwe ekri epi yo ka livre l dirèkteman ba ou, nan lapòs, oswa atravè yon polisye/cherif, men li pa yon dokiman tribinal. Li se JIS premye nan anpil etap.
- Avi yo bay la se pou yon kantite jou espesifik, anjeneral, 14 oswa 30. Kantite jou yo depann de rezon oswa sikonstans degèpisman an.
- Tanpri rele MSC, OHL, oswa òganizasyon nan seksyon resous ki pi ba a pou mande èd. Anpil pwopriyetè pral bay lokatè yo plis tan si yo konnen lokatè a ap eseye konekte ak resous yo.
- Si sitiasyon an pa te ranje nan delè Avi pou Kite a, sa pa vle di ou bezwen kite kay la.

2. Plent Tribinal ak Avi Premye Randevou Tribinal

- Yon fwa peryòd avi a fini epi si pwoblèm nan pa rezoud, mèt kay ou a ka kòmanse pwosesis degèpisman tribinal la lè yon polisye/cherif ba ou yon dokiman legal ki rele Summary Process Summons & Complaint (Pwosesis Konvokasyon & Plent Somè). Y ap remèt ou sa a nan men OSWA nan lapòs epi y ap kite l lakay ou epi answit

depoze swa nan Eastern Housing Court oswa nan Cambridge District Court.

- Konvokasyon ak Plent la P AP bay yon dat jijman. Biwo grefye tribinal la ap fè pwopriyetè w la konnen dat ak detay premye randevou tribinal la. Lè sa a, pwopriyetè w la pral fè yon polisye oswa cherif remèt ou nan men (oswa kite ak voye nan lapòs) avi sou randevou tribinal la, ba ou omwen yon avi 14 jou. Premye randevou an se jeneralman anviwon 30 jou apre yo fin depoze plent lan nan tribinal la.
- Premye randevou tribinal la rele yon "Konferans sou Pozisyon Espesyalis Lojman" nan Tribinal Lojman ak yon "Konferans Jesyon Ka" nan Tribinal Distri a.
- Li ak anpil atansyon tout avi tribinal ou resevwa epi chèche èd legal pi vit posib.
- Pandan ke sa a se pa yon plent kriminel, pa inyore Pwosesis, Konvokasyon, & Plent Somè a.

3. Voye yon Repons

- Apre ou fin resevwa Pwosesis ak Plent Somè a, ou ta dwe depoze repons ou a nan tribinal la epi bay mèt kay la yon kopi twa (3) jou ouvrap anvan premye randevou tribinal la.
- Repons lan ka eksplike poukisa ou dwe sou lwaye a, ou kwè ou pa dwe, oswa poukisa ou pa ta dwe oblije kite apatman an, elatriye. Li kapab genyen tou reklamasyon ou genyen kont pwopriyetè a, tankou kondisyon ki vyole kòd sante ak sekirite yo.
- Nan menm dat limit la, ou gen dwa tou

pou w ranpli ak fè Demand Kominikasyon Alavans (demand enfòmasyon ak dokiman nan men pwopriyetè kay la sou dosye a) epi mande yon jijman avèk jiri.

- **Tanpri chèche èd pou w voye yon Repons ak Demand Kominikasyon Alavans.** Ou ka ale sou www.masslegalhelp.org oswa www.gbls.org/MADE oswa rele youn nan resous ki nan lis la.

4. **Dat Tribinal**

- Ou dwe parèt alè e si non, jij la ap tranche anfavè mèt kay ou a. Jij la pral antre tou yon desizyon ki rele yon "jijman otomatik" ki pral rete nan dosye w. Si w resevwa yon jijman otomatik, ou ta dwe chèche èd pou w depoze yon mosyon pou anile jijman otomatik ki pral retire otomatik la epi kontinye pwosesis la. Asire w ou fè sa osito ke posib.
- Si alafwa ou menm ak pwopriyetè w la prezante, premye etap la anjeneral enplike medyasyon pou rezoud pwoblèm nan epi fèmen dosye a. Si tou de pati yo dakò pou fèmen dosye a, yo siyen yon dokiman tribinal. Ou PA ta dwe siyen yon bagay ou pa ka respekte, tankou yon plan ranbousman ki pa abòdab. Ankò, chèche asistans.
- Si yo pa rive jwenn yon akò, y ap fè w konnen yon dat pou yon jijman devan yon jij oswa yon jiri. Jij la (oswa Jiri a) deside nenpòt lajan ki dwe pou lwaye ak kont-reklamasyon epi ki moun ki "pran posèsyon" apatman an, ki vle di si ou gen pou rete oswa si ou dwe kite, men se PA fini.

5. **Apèl**

- Si tribinal la bay yon desizyon anfavè mèt kay la, ou ka fè yon apèl nan 10 jou apre desizyon an. Tanpri chèche asistans si ou ta renmen fè yon apèl.

6. **Avi sou Sezi**

- Si pwopriyetè a genyen dwa pou posèsyon epi ou pa fè apèl, tribinal la ap pwobaleman

bay yon ekzekisyon. Pwopriyetè a dwe tann omwen 10 jou apre desizyon an pou l jwenn yon ekzekisyon.

- Yon ekzekisyon se yon papye ki tipikman pèmèt yon polisye/cherif ba w yon avi pou kite inite a nan yon sèten peryòd, souvan 48 èdtan.
- Si ou pa deplase afè w yo, polisye/cherif la ka deplase yo nan yon depo epi chanje kle yo. Polisye/cherif la dwe fè w konnen ki kote inite depo a ye ak konbyen montan frè yo ye.
- Ou gendwa depoze yon mosyon nan tribinal pou w chèche sispann tanporèman òdonans pou w kite kay la.

Lòt Enfòmasyon Enpòtan

- Pwopriyetè a pa ka chanje kle lokatè a oswa fè koupe sèvis piblik yo san yon lòd tribinal. Si sa rive, chèche asistans legal imedyatman oswa rele lapolis.
- Kounye a pa genyen okenn "Dwa pou Avoka" pou Ka Degèpisman tankou nan tribinal kriminel. Sepandan, Eastern Housing Court gen opsyon "avoka pou jounen an" ki pèmèt ou konsilte ak yon avoka nan Tribinal la nan dat tribinal la.
- Chak ka degèpisman endividyèl diferan, kidonk lokatè yo ta dwe toujou chèche asistans chak fwa sa posib.
- Si lokatè a, oswa yon moun li konnen, te lakoz domaj nan pwopriyete a, oswa responsab pou yon enkyetid sante ak sekirite, oswa li te fè aktivite kriminel nan pwopriyete a, pwosesis degèpisman an pral pou "Koz" epi li ka avanse pi vit pase nan lòt sitiyasyon yo.
- Lokatè yo gen dwa espesyal pou Degèpisman ki Pa Fòt li epi ou gendwa kapab ranpli pou retade degèpisman an jiska 6 mwa pou jwenn nouvo lojman oswa jiska 12 mwa si w se granmoun aje oswa andikape.

Resous Lokatè

Sipò Jeneral ak Jesyon Ka Vil Cambridge

Multi Service Center (MSC)	617-349-6340	
Office of the Housing Liaison (OHL)	617-349-7222	housingliaison@cambridgema.gov

Lòt Resous Vil Cambridge

Housing Department (Depatman Lojman)	617-349-4622	housing@cambridgema.gov
Cambridge Human Rights Commission (Komisyon Dwa Moun Cambridge)	617-349-4396	hrc@cambridgema.gov
Komisyon Cambridge pou Moun Andikape yo	617-349-4692	ccpd@cambridgema.gov
Inisyativ pou Prevansyon Vyolans Domestik ak sou Baz Sèks	617-349-3290	
Sèvis Enspeksyon	617-349-6100	ISD@cambridgema.gov
Cambridge Consumer Council (Konsèy Konsomatè Cambridge)	617-349-6150	consumer@cambridgema.gov

Ajans Patnè Sèvis Legal (limit revni)

Sèvis Legal Cambridge Somerville	617-603-2700	
De Novo Center for Justice and Healing (Sant De Novo pou Jistis ak Reparasyon)	617-661-1010	www.denovo.org

Medyasyon

Sèvis Medyasyon Just-A-Start	617-494-0444	juststart.org
Community Dispute Settlement Center (Sant Rezolisyon Konfli Kominotè)	617-876-5376	communitydispute.org

Opòtinite Lojman Abòdab

Cambridge Housing Department (Depatman Lojman Cambridge)	617-349-4622	housing@cambridgema.gov
Cambridge Housing Authority (Depatman Lojman Cambridge)	617-864-3020	www.cambridge-housing.org
Metro Housing Boston	617-859-0400	metrohousingboston.org

Entèvansyon ak Prevansyon Vyolans

Transition House (Kay Tranzisyon)	617-868-1650	transitionhouse.org
Crisis Line (Liy Kriz)	617-661-7203	

Sèvis Lojman Jeneral (Navigasyon, Asistans, Retire Bagay ou pa Bezwen)

CEOC	617-868-2900	ceoccambridge.org
------	--------------	-------------------